QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON
RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30
web-site: http://kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

---

«07» Апрель 2021 j. 03-02/03-1724 - sanlı

**Хожели районлық халық
билимлендириў бөлими баслығы
К.Файзуллаеваға**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизден. Хожели районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 8-санлы мектептиң баслаўыш класс муғаллими А.Сейтимованың Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине жазған арзасын тийисли тәртипте үйренип шығып, нәтийжеси бойынша усы жылдың 14-апрель сәнесине шекем мүрәжат ийесине хәм Халық билимлендириў министрлигине жазба мағлыўмат бериўиңизди сорайды.

Қосымша 1 бетте.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Орынлаўшы: С.Юсупов
Тел: (0361)222-24-64

Qaraqalpaqstan Respublikası
Xalıq bilimlendiriw Ministri
R. Reymovğa
Men Xojeli rayonı XBBne
qaraslı 8-sanlı mekteptiñ
baslawısh klass muğallimi
Seytimova Amangülden
Tel: 91 302-19-87.

# Arza

2015-jılı mart ayınan baslap Xojeli rayonı XBBne qaraslı 8-sanlı mektepke baslawısh klass muğallimi bolıp jumısqa kirdim. 2019-jıldan baslap dekretke shıqtım. 2020-jılı 10-noyabr küni dekretim tawsılğanlığı sebepli, öz jumısıma kirisiw ushın mektep direktorı B. Xafizovğa Arza menen müräjäät ettim. 2020-jılı 10-noyabr küngi №8 sanlı mektep direktorı B. Xafizovtıñ №66/A sanlı buyrığı shıqtı. Sol küni meniñ qarsıma jäne qosımsha №66/B sanlı buyrığı menen 2020-jılı 9-noyabrden baslap dekretke ketken 3-b baslawısh klass muğallimi Bektemirova Yozzaldıñ klası mağan bekitildi. 2021-jılı 9-mart küni Bektemirova Yozzal öz jumısına keldi. Sol künnen baslap men elege shekem öz jumısıma tiklenbedim. 2020-jılı 10-noyabrden baslap aylıq is-haqılarım az muğdarda tölenip keldi. Sebebin direktor, direktor orınbasarı hämde bas esapshıdan sorağanımda, mağan tarif bekitilmegenligin ayttı. Bas esapshıdan is-haqım tuwralı mağlıwmatnama (doxod spravka) sorağanımda här türli sebepler aytıp bermedi.

Usı arzamdı üyrenip shığıp, öz jumısıma tiklep häm aylıq is-haqılarımdı tolığı menen öndirip beriwiñizdi soranaman.

Usı arzama №66/A häm №66/B sanlı buyrıqlardan köshirme qosa tigiledi.

6. 04. 2021.

Arza iyesi: [signature] Seytimova Amangül.

QR XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
KIRIS № 172
"06" 04 2021 j.